



## **BRIXADI® Fich Edikasyon Pasyan an**

Dokiman sa a bay enfòmasyon sou BRIXADI®, ki se yon preprasyon buprenorphine enjektab. Tanpri li l epi fè founisè w la konnen si w gen nenpòt kesyon.

**Kisa BRIXADI® a ye, epi kijan l fonksyone?** BRIXADI® se yon enjeksyon buprenorphine ki genyen yon efè ki dire lontan yo itilize pou trete twoub ki lye ak konsomasyon eksef opyoyid yo. Enjeksyon sa disponib sou de fòm: Pa semèn epi pa mwa.

BRIXADI® pa semèn yo bay chak 7 jou	Dòz pa semèn 8mg, 16mg, 24mg, 32mg
BRIXADI® pa semèn yo bay chak 28 jou	Dòz pa mwa: 64mg, 96mg, 128mg

- BRIXADI® ba w yon semèn oswa tout yon mwa medikaman nan yon sèl enjeksyon pandan l ap kontinye ba w medikaman pandan semèn nan oswa mwa a nan yon nivo ki stab san monte ni desann. Ekip sante a ap detèmine avè w ki preparasyon ak ki dòz ki ap bon pou ou.

### **Kisa pou m fè avan m kòmanse pran BRIXADI®?**

- Avan w kòmanse pran BRIXADI®, ou dwe ka sipòte omwen yon dòz 4 mg transmucosal buprenorphine OSWA w deja ap pran buprenorphine.
- Si w poko ap pran buprenorphine, w ap bezwen kòmanse pran BRIXADI® a yon fwa pa semèn.
- Si w ap pran buprenorphine deja, ou ka kòmanse ak yon tretman pa semèn oswa pa mwa avek BRIXADI®.
- Si se opyoyid w ap pran aktyèlman ou pap pran buprenorphine, mande founisè w la pou w kòmanse pran kapsil oswa konprime buprenorphine, pou evite yon mank avan lè avan w pran enjeksyon an.

### **Kòman m ap fè pran enjeksyon BRIXADI® mwen yo?**

- Doktè w la ap ba w BRIXADI® sou fòm enjeksyon nan kò (anba po), nan dèyè, kuis, estomak (abdomèn) oswa nan pati siperyè bra w.
- Yo enjekte BRIXADI® sou fòm likid ki ap fòme yon mas sou po a yo rele depo. Pandan kèk semèn ou ka wè oswa santi yon boul anba po w kote yo te fè enjeksyon an, epi li ka vin pi piti aprè. Pa eseye retire depo a.

### **Ki efè segondè BRIXADI® ka genyen?**

Tankou tout medikaman, BRIXADI® ka pwovoke efè segondè. Efè segondè ki pi komen yo se:

- Tèt fè mal
- Konstipasyon
- Kè plen
- Twoub somèy (pa ka dòmi)
- Enfeksyon nan vwa irinè

**Efè endezirab nan enjeksyon yo jeneralman yo fèb oswa modere. Kanmenm, tanpri kontakte ekip swen an kounya si w santi gwo doulè, iritasyon, chanjman sou po, oswa boule/gratèl kote yo te fè enjeksyon an, sa ka pèmèt nou fè yon evalyasyon ki ale pi lwen.**

Kontakte ekip sante w la kounya si w panse w gen efè segondè ki grav, tankou difikilte pou respire, somnolans, tèt vire oswa pwoblem kowòdinasyon, pwoblem nan fwa (pipi fonse, po/je jòn, vant fè mal) alèji, mank opyoyid, oswa tansyon ba.

### **Ki enfòmasyon sekirite enpòtan m dwe konnen sou BRIXADI®?**

**Yo pa dwe janm enjekte BRIXADI® nan yon venn paske sa ka lakoz andomajman ki grav oswa menm lanmò. Pasyan yo pa dwe janm manipile medikaman sa a.** Pran medikaman kont estrès oswa benzodiazepines, somnifè, trankilizan, relaksan miskilè, oswa sedatif, oswa konsome alkòl pandan tretman BRIXADI® a, ka lakoz lanmò oswa andomajman ki grav. Bouchon egwi BRIXADI® a fèt avèk latèks epi li ka pwovoke yon sansibilite lakay moun ki alèji ak latèks yo. BRIXADI® gen soja ladan, moun ki alèji ak soja yo dwe evite medikaman sa a. Si gen ijans, ou menm oswa fanmi w dwe enfòme pèsònèl medikal la ou ap pran BRIXADI®.

**Mande founisè swen sante w la pou l pale w de naloxone (Narcan®) yon medikaman ki pèmèt ou jere yon ovèdoz opyoyid.**

Dokiman sa a te repwodwi avèk otorizasyon Boston Medical Center epi li soti nan:

Loukas, V., Jodat, A., & LaBelle, C.T. (2024) *Buprenorphine Extended-Release Injection Implementation Guide*. Manyèl tretman ki pa bibliye. Boston Medical Center.

Manyèl sa a oswa tout lòt dokiman ki gen ladan l yo pa ranplase yon desizyon medikal avize yon founisè kalifye pran.